УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

№27 (13889)

Черкес хэку

2024 гъэ, мэлыжьыхьым (апрелым) и 18, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

ЗэIущIэ

Зэдэлэжьэныгъэр — нэIэм

УРЫСЕЙ ФЕДЕРАЦЭМ и Президент Путин Владимир властым и къулыкъухэр зэрызэдэлэжьэн хуеймехьэлIауэ ищIа пщэрылъхэр гъэзэщIэным теухуауэ, Къэрэшей-Черкес Республикэм и IэтащхьэТемрезов Рэшид зэIущIэ иригъэкIуэкIащ.

Абы хэтащ федеральнэ властым и къулыкъухэм я щIыпIэ унафэщIхэмрэ республикэм и муниципальнэ къэхъугъэхэм я IэтащхьэхэмрэI.

КъЧР-м и IэтащхьэмрэI и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу

Туризм

Хэгъуэгум и лъэкIыныгъэхэр

Къэрэшей-Черкесыр яхыхьэнущ Урысей Федерацэм и турист оператор пашэхэм я пакет турхэм. Абы къикIыр аращи, ди хэгъуэгум туристхэр нэхъыбэу къэкIуэнущ.

«Кавказ Gran Turismo» урысей турист проектым и хъыбарегъащIэ турым и къэухьхэм иту, 2024 гъэм мэлыжьыхьым и 13-14 махуэхэм Къэрэшей-Черкесым щыIащ федеральнэ турист операторхэм я гуп. Абы хэтхэм я мурадащ ди республикэм туристхэр къригъэблэгъэнымкIэ иIэ лъэкIыныгъэхэр зрагъэщIэну.

Турист операторхэм ирагъэлъэгъуащ туризмэмрэ абы хуэлажьэ IэмалхэмрэI я инфраструктурэр. Абыхэм ящыщу, хьэщIэхэр къыздэувыIэну щIыпIэ зэтегъэпсыхьахэр: хьэщIэщхэр, турист базэхэр, санаторэхэр, кIуэ пэтми нэхъыбэ хъу туризм псэуалъэхэр, цIыхухэр нэхъыбэу зэзышалIэ щIыпIэхэр.

Хабзэ зэрыхъуауэ, хьэщIэхэм я гулъытэр псом япэу хухахащ гъэ кIыхьагъым лажьэ турист-зыгъэпсэхупIэ курортхэм – зи щIыуэпс-жьыуэпс щытыкIэхэмкIэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа Архъыз, Тебэрды, Домбай.

Апхуэдэу, туризм лъэкIыныгъэхэм нэхъри зрагъэуэщIын, турист кIуапIэхэм я цIэр нэхъри жыжьэу ягъэIун щхьэкIэ, федеральнэ турист операторхэм ягъэпсынущ Къэрэшей-Черкесым къакIуэ гъуэгу щхьэхуэ, абы ипкъ иту яутIыпщынущ Минеральные Воды къыщетIысэх кхъухьлъатэ чартер рейсхэр.

Пакет турхэр ягъэзэщIэнущ «Зыуэ щыт Кавказ хьэщIэгъафIэ» мардэхэмкIэ. Ахэр 2022 гъэм къыщащтауэ щытащ Ищхъэрэ-Кавказ федеральнэ хэгъуэгум хыхьэ республикэ псоми.

— ХьэщIагъэ къыдэзыха турист операторхэм ящыщщ мыпхуэдэ компанэ инхэр: «Пегас Туристик», «Анекс Туризм», «ТТ-тревел», «Алеан», «Туту», Москва, Санкт-Петербург, Новосибирскрэ Екатеринбургрэ щыщIэтха турист оператор-донорхэр (ахъшэ къыхэзылъхьэхэр). Абыхэм лэжьыгъэшхуэ ягъэзэщIэнущ туристхэр Кавказ хэгъуэгум къыдэшэхыным хуэунэтIауэ, — къыхигъэщащ СКФО-м зегъэужьынымкIэ щыIэ комитетым и тхьэмадэ, «Кавказ Gran Turismo» урысей турист проектым и координатор ЕмтIылъ Анзор.

Мы гъуэгущIэм и фIыгъэкIэ туристхэм зыхащIэнущ дэтхэнэ хэгъуэгури адрейхэм зэремыщхьыр, IэфIфIэIу хахынущ Кавказым и лъэпкъ зэхуэмыдэхэм ягъэхьэзыр шхыныгъуэхэм, ялъагъунущ СКФО-м и дэтхэнэ республикэми и лъэпкъ гъэпсыкIэр.

ЗЕКIУЭЛI Хьэмыщэ

Егъэджэныгъэ-спорт

Зэманым тегъэпсыхьауэ

Мы гъэм ди хэгъуэгум и курыт еджапIэхэм спорт пэши 7 щызэрагъэзэхуэжынущ.

«Зыуэ щыт Урысей» - «Сабий спорт» проектым ипкъ иту, еджапIэхэм я спортзалхэр зыхуей хуэгъэзэным ехьэлIа лэжьыгъэр йокIуэкI. Проектыр 2014 гъэм къыщыщIэдзауэ ягъэзащIэ, Урысейм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ зэхагъэува «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым 2019 гъэ лъандэрэ хэтщ», — жиIащ республикэм и IэтащхьэТемрезов Рэшид.

Апхуэдэу, мы гъэм зэманым тегъэпсыхьа спортзалыщIэхэр къыщызэрагъэпэщынущ Черкесск къалэм, Сторожевой, Зеленчук, Исправнэ, Къардэныдж, Алибэрдыкъуэ жылагъуэхэм дэт курыт еджапIэхэм. Абдежхэм фIыуэ щызэрагъэзэхуэжынущ спортзалхэр, зытIэщIыпIэхэр, зыгъэпскIыпIэхэр, гъэсакIуэхэм я пэшхэр. Республикэм и еджакIуэ мини 2-м нэсым спорткIэ, физкультурэкIэ загъэсэным папщIэ зыхуэныкъуэ щытыкIэфIхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ.

Псори зэхэту, 2014 гъэм къыщыщIэдзауэ Къэрэшей-Черкесым спортзали 110-м щIигъу зэрагъэзэхуэжащ, пэши 6-м нэгъуэщI унэтIыныгъэ иратащ, курыт еджапIэ 39-рэ къахухьащ.

КъинэмыщIауэ, 2024 гъэм республикэм и курыт еджапIэ 13-м зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэжьащ, абы щыщу IуэхущIапIи 5-р мы гъэм и кIэм нагъэсын я мурадщ. Псори зэхэту, 2022 гъэм къыщыщIэдзауэ республикэм и еджапIэ 40 зэрагъэзэхуэжагъэххэщ.

ДЗЭМЫХЬ Маринэ

ПроектыщIэхэр

Урысейм и вице-премьер Хуснуллин Марат я пашэу, УФ-м и хэгъуэгухэм я зыужьыныгъэмкIэ Правительствэ комиссэм и президиумым (штабым) иригъэкIуэкIа зэIущIэм Къэрэшей-Черкесым и IэтащхьэТемрезов Рэшид хэтащ.

Къалэнхэр ягъэзащIэ

Хэгъуэгухэм къабгъэдэкIа лIыкIуэхэм Хуснуллин Марат щагъэгъуэзащ 2024 гъэм къриубыдэу лъэпкъ, федеральнэ проектхэр пхагъэкIкIэрэ, ирагъэкIуэкI ухуэныгъэхэм.

Апхуэдэу, мы гъэм проектхэр хуагъэлажьэ ухуэныгъи 151-м. Абы щыщу 51-м капитальнэ ухуэныгъэхэр щокIуэкI, 29-м — гъуэгу инфраструктурэр зэрагъэзахуэ, щIыпIэхэр щагъэщIэращIэ, тынш ящI.

ЗэIущIэм къриубыдэу нэгъуэщI лъэныкъуэми тепсэлъыхьащ. Ар — инфраструктурэ бюджет кредитхэмрэ хэхауэ ягъэлажьэ казначей кредитхэмрэ инфраструктурэ проектхэр пхыгъэкIыным хуэгъэлэжьэнращ.

Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэр и лъабжьэу, Къэрэшей-Черкес Республикэм щыпхагъэкI «Комплексная застройка квартала в микрорайоне «Спутник г.Черкесск» инвестицэ проектыр. Абы ипкъ иткIэрэ, псы зекIуапIэ бжьамий километри 3,06-рэ яукъуэдиинущ.

КъинэмыщIауэ, «ПАЗ CITIMAX 9»-уэ 15, «ПАЗ Вектор NEXT 8,8»-м хуэди 4 зыIэрагъыхьащи, ахэр куэд мыщIэу гъуэгу хэхам трагъэувэным хуагъэхьэзыр.

ТУАРШЫ Ирэ

ПсапащIэ

Орск дыдоIэпыкъу

КъЧР-м и IэтащхьэТемрезов Рэшид и унафэкIэ, псыдзэ къызыкIэщIэуа Орск къалэм щыпсэухэм зэфэ хъун псы къабзэу тонн 20 ди республикэм икIыу хурагъэщащ.

— Нобэ щытыкIэ гугъу ихуа Орск къалэм щыпсэухэм дэIэпыкъуэгъу дахуохъу. ЖыIэпхъэщи, апхуэдэ насыпыншагъэ къызылъэIэс хэгъуэгухэм ди республикэр псом япэ япыкъуокI, ядоIэпыкъу.

Орск къалэм щыпсэухэр псы къабзэ зэрыхуэныкъуэмкIэ хъыбар дагъэщIати, абыкIэ дадэIэпыкъуну дгъэбелджылащ, — жиIащ «Зыуэ щыт Урысей» хэгъуэгу исполкомым и унафэщI Джамбаев Руслан.

Хэгъуэгу МЧС-м и машинитIым псыр из ящIри ирагъэшащ. А IуэхурУФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым КъЧР-м къыбгъэдэкIыу щыIэ и сенаторхэу Къэзэнокъуэ Кърымрэ Салпагаров Ахъмэтрэ я дэIэпыкъуныгъэ хэлъу къызэрагъэпэщащ.

Псы къабзэр хуашэнущ цIыхухэр пIалъэкIэ здыщыпсэу щIыпIэхэм.

БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ

Къэпщытэжыныгъэ

Коллегием и зэIущIэр

Мэлыжьыхьым (апрелым) и 9-м Черкесск къалэм дэт печатым и Унэм и зэхуэсыпIэ пэшым Къэрэшей-Черкес Республикэм лъэпкъ IуэхухэмкIэ, цIыхубэ коммуникацэхэмрэ печатымрэкIэ Министерствэм и Коллегием и зэIущIэ щекIуэкIащ.

Зэхуэсым ипкъ иту Министерствэм къипщытэжащ 2023 гъэм зэлэжьа IуэхухэрI, къинэмыщIауэ, 2024 гъэм зытелэжьэнухэри игъэбелджылащ.

Абы хэтащ Къэрэшей-Черкес Республикэм лъэпкъ IуэхухэмкIэ, цIыхубэ коммуникацэхэмрэ печатымрэкIэ и министр Есенеев Мурат, абы и къуэдзэхэу Хубиев Ислъамрэ Гузко Сергейрэ, нэгъуей, адыгэ лъэпкъ жылагъуэ зэщIэхъеныгъэхэм я тхьэмадэхэу Казаков Валерийрэ Аслъэнхэ Алийрэ. КъинэмыщIауэ, лъэпкъ газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэр, динырылажьэхэр къекIуэлIащ.

ЗэIущIэм къеблэгъахэм фIэхъус гуапэкIэ захуигъэзащ министр Есенеев Мурат.

Ар убгъуауэ къытепсэлъыхьащ лъэпкъыбзэхэр хъумэнымкIэ, республикэм щыпсэу лъэпкъхэр зэгурыгъэIуэнымкIэ Министерствэм зэфIих Iуэхухэм, абы купщIафIэу хэлэжьыхьхэм къытеувыIащ. Дэтхэнэ лэжьыгъэми мыхьэнэшхуэ зэриIэм гу лъитащ.

КъыкIэлъыкIуэ упщIэр, Къэрэшей-Черкес Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я къэралыбзэхэр «Яндекс-переводчик» сервисым хагъыхьэным ехьэлIар, зэпкърихащ Министерствэм и лэжьакIуэ, жылагъуэ, дин организацэхэм ядэлэжьэнымкIэ къудамэм и унафэщI Урусов Руслан.

2024 гъэм республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я художественнэ литературэр къыдэгъэкIыным хуэгъэзауэ лэжьыгъэр къызэгъэпэща зэрыхъум, я пщэрылъхэмрэ къалэнхэмрэ хуабжьу зэхэгъэкIауэ къытеувыIащ «Карачаево-Черкесское книжное издательство» РГБУ-м и унафэщI Боюнсузовэ Розэ.

Министерствэм и Коллегием хэтхэр мы илъэсым икIэм нэс зэлэжьыну яубзыхуа Iуэхухэм щхьэихауэ къытеувыIащ Гузко Сергей.

Къапщтэмэ, зэIущIэм къыщаIэта, зытепсэлъыхьа япэ упщIэмкIэ, Министерствэм мыхьэнэ ин зиIэ Iуэхухэр фIагъ хэлъу зэрызэфIихым теухуауэ, Коллегием хэтхэр арэзы зэдэхъуащ. Зэпсэлъэныгъэм ипкъ иту къаIэта упщIэу хъуамкIэ унафэ къызэрахьынури министрым щхьэихауэ къыхигъэщащ.

АБИДОКЪУЭ Люсанэ

Унагъуэм и Илъэсым

Мы гъэм мэлыжьыхьым и 11-м федеральнэ Казначействэм и Къэрэшей-Черкес Управленэм и хэщIапIэм къыщапщытэжащ 2023 гъэм игуэщIа Iуэхугъуэхэр.

УнагъуэкIэ – гуфIэгъуэ пшыхьым

Удихьэхыу, гъэщIэгъуэну къызэрагъэпэщащ пшыхьыр. Ар нэхъри игъэдэхащ УФ-м и Президентым мы гъэр унагъуэм и Илъэсу зэригъэувам къыхэкIыу, дауэдапщэм IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэр унагъуэкIэ къызэрекIуэлIам.

ГуфIэгъуэ пшыхьым къеблэгъащ Урысейм и Казначействэм и унафэщIым и къуэдзэ Михайлик Александр, федеральнэ къулыкъум и хэгъуэгузэпх Управленэм финанс мониторингымкIэ Ищхъэрэ-Кавказ федеральнэ хэгъуэгум щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ Сметанин Максим, Къэрэшей-Черкесым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, КъЧР-м и IэтащхьэмрэI и Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Хубиев Марат, Къэрэшей-Черкесым и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Суюнчев Мурат, республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) узыншагъэр хъумэнымрэ социальнэ политикэмрэкIэ и комитетым и тхьэмадэ Хубиев Хьэсэн сымэ.

ЩIыхь нагъыщэкIэ къыхагъэща АМИРОКЪУЭ Маринэ

Управленэм и унафэщI Дотдаев Юрий и къэпсэлъэныгъэм убгъуауэ къытеувыIащ унагъуэм и мыхьэнэм, ди гъащIэм абы щигъэзащIэ къалэн нэхъыщхьэхэм, къулыкъущIапIэм и лэжьакIэм.

— Унагъуэр – ар хьэлщэн хабзэм и IункIыбзэIухщ, абы зэхуэдэу, зэтехуэу тхэлъ лъэпкъ хьэлхэр къызэрегъэпэщ, гъэсэныгъэрэ щIэныгъэрэ къыдох, хабзэ дахэхэм зыщыхудогъасэ. Ди Управленэм щылажьэхэр IэщIагъэм, къэралым и хьэлэмэтымрэ щIалэгъуалэр псэкупсэ-хэкупсэу гъэсэнымрэ зэригъэубыдауэ, зыуэ зэкъуэт унагъуэ быдэщ, — жиIащ Дотдаев Юрий.

УнафэщIым къыхигъэщащ республикэм и УФК-м и лэжьакIуэхэм Украинэм и щIыналъэм щекIуэкI зауэ операцэ хэхам хэтхэм зэрызыщIагъакъуэр. Ахэр зауэлIхэм ядогуашэ къахь улахуэм щыщ IыхьэкIэ, сымаджэщхэр зыхуэныкъуэ щыгъынхэмрэ тепIэнщIэлъынхэмрэ я IэкIэ ядыж. Абы папщIэ, ахэр мызэ-мытIэу къэрал къулыкъухэм къабгъэдэкIыу фIыщIэ тхыгъэкIэ къыхагъэщащ.

— АбыкIэ хэлъхьэныгъэ худощI ТекIуэныгъэм. Зи IыхьлI, къыдалъхуа СВО-м щыIэхэр къытхэтщ. Дэтхэнэ сэлэтми дохъуэхъу узыншэу, текIуэныгъэр я Iэрылъхьэу, къапэплъэ унагъуэхэм яхьхьэжыну! — щIигъужащ унафэщIым.

➦ 3

Фэеплъ пшыхь

Хьэбэз къуажэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэм щекIуэкIащ тхакIуэ, сценарист, композитор, режиссёр, щIэныгъэлI Къандур Мухьэдин Иззэт и къуэм и фэеплъ пшыхь.

АдыгэлI нэсым и щапхъэ ди лъэпкъэгъу щэджащэм и цIэкIэ къызэрагъэпэща зэхыхьэр «Адыгэ уей» уэрэдымкIэ Токъубай Къэхъун къызэIуихащ.

А пшыхьым кърагъэблэгъат Бэлагъы Любэ и дэлъху, Сочэ къыщызэрагъэпэщ кинофестивалым и унафэщIым и къуэдзэ Бэлагъыхэ Робертрэ Эдуардрэ, Хьэбэз къуажэм и тхьэмадэ Туаршы Беслъэн, Къандурхэ Мухьэдинрэ Любэрэ унагъуэкIэ я ныбжьэгъу Зэгъэщтокъуэ Изабеллэ, Али-Бэрдыкъуэ къуажэм и Адыгэ Хасэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэр, щIыналъэм ис нэхъыжьыфIхэр, нэгъуэщIхэри.

Адыгэ лъэпкъым и цIэр фIыкIэ зыгъэIуа, ар щIыпIэ куэдым къыщезыгъэцIыхуа, и щапхъэ дахэмкIэ адыгэм пщIэ лъагэ къыхуэзылэжьа адыгэлIым и гъащIэ гъуэгуанэр бгъуфIэщ, Iуэху къызэрымыкIуэхэмкIи гъэнщIащ, нэхъ пэжу жыпIэмэ, езым игъэнщIыжащ.

КЪАНДУР Мухьэдин дигу къыдогъэкIыж

Къандур Мухьэдин Иорданым хыхьэ Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и щыхьэр Амман 1938 гъэм гъатхэпэм и 3-м къыщалъхуащ. Зи лъэпкъыр хамэ щIыпIэм цIэрыIуэ щызыщIа адыгэ зэчиифIэхэм ящыщт Къандурыр.

Ар щеджащ икIи щылэжьащ Палестинэм, Италием, Германием, Франджым, Инджылызым, Шотландием, США-м. Философиемрэ тхыдэмрэкIэ доктору щытащ. Къандур Мухьэдин США-м и тхакIуэхэм я Союзми хэтащ, художественнэ фильм куэдым режиссёр хуэхъуащ, сценарий яхуитхащ.

Къандурым и Iэдакъэ къыщIэкIащ тхыдэ роман куэд. Ахэр зэрадзэкIащ урысыбзэкIэ, франджыбзэкIэ, нэмыцэбзэкIэ, испаныбзэкIэ, тыркубзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ. Къандурым къыхуагъэфэща саугъэтхэм ящыщщ Урысейм и щэнхабзэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ кърата «Дыщэ жор» медалыр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр.

Иджырей гъуазджэм хуэIэижь Къандур Мухьэдин хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ адыгэ щэнхабзэм. Илъэс 50-м щIигъукIэ Голливудым епхауэ лэжьа Къандурым пщIэшхуэ зыпылъ саугъэт лъапIэ куэд киногъуазджэм къыщыхуагъэфэщащ. Абы и иужьрей лэжьыгъэхэм ящыщщ «Черкес» (2010 гъэ), «Фейсбук романс» (2012 гъэ) фильмхэр. Къандурыр къыщацIыху Европэми, Азиеми, США-ми.

АдэкIэ къызэхуэсахэм ирагъэлъэгъуащ Къандур Мухьэдин и Iэдакъэ къыщIэкIа «Черкес» фильмым щыщ теплъэгъуэ. СощIэж, мыр япэу Налшык щыщагъэлъэгъуа пщыхьэщхьэм абы еплъыну къызэхуэсахэр апхуэдизкIэ куэд хъути, пэшым «лъакъуэ гъэувыпIэ имыIэу» жыхуаIэм хуэдэти, щыту еплъар нэхъыбэщ, къыкIэлъыкIуэ пщыхьэщхьэм къытезыгъэзжар нэхъыбэжт. Дуней псом къыщацIыху адыгэшым теухуауэ «Кабардин» фIэщыгъэм щIэту Мухьэдин итха роман телъыджэми и гугъу щащIащ пшыхьым.

ТхакIуэ, IуэрыIуатэдж Хьэкъун Мухьэмэд япэу псалъэ иратащ:

— Адыгэ лъэпкъым къытхэкIа нэхъ цIыху цIэрыIуэхэм ящыщщ Къандурыр. Ар щIэпсэуари зыхуэпсэуари и лъэпкъращ. Си насып къихьри Мухьэдин сыхуэзауэ щытащ. Ар Хьэбэз къытхуеблагъэри щыдгъэхьэщIат. Сыщымыуэмэ, 1988-1989 гъэхэрат. Райком партым сриджэри унафэ къысхуищIат Иорданым къикIа адыгэ щIалэм и жыIэр згъэзащIэу сыбгъурытыну, хьэщIагъэ есхыну. УмыгъэщIэгъуэн плъэкIтэкъым абы и бзэм и къабзагъэмрэ шэрыуагъымрэ. «Сэ адыгэхэм ятеухуауэ кино тесхыну си мурадщи, фи щIыпIэхэр къэсплъыхьынут», — щыжиIэм, етшажьэри зедгъэплъыхьащ. Лабэ Iуфэ зэрыIухьэу и вакъэхэр зылъихри, лъапцIэу псым хэтащ. «Мыбдеж адыгэлъ куэд щагъэжауэ жаIэ, си лъакъуэр псым хэтыхункIэ ахэр си нэгу къыщIэзгъэхьащ, зэи сигу ихужьнукъым мы лъахэр», - къыджиIат. Мухьэдин хуэдэхэращ лъэпкъыр лъэпкъ зыщIыжри, ахэр дигу илъыху лъэпкъым дыщыщщ. Сэ къызолъытэ Мухьэдин и фэеплъ гуэр тщIын хуейуэ, абы хуэныкъуэр дэращ, къытщIэхъуэ щIэблэрщ.

— Али-Бэрдыкъуэ къуажэм и Адыгэ Хасэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэт Аслъэныкъуэ Рэмэзан пищащ псалъэмакъым:

— Мухьэдин и цIэр зезыхьэ фондым и саугъэт ди къуажэм щыщу цIыхуитIым къыхуагъэфэщауэ щытащ, ар дэркIэ насыпышхуэт. Мухьэдин хуэдэ цIыхушхуэхэм пщIэ яхуэтщIу, я лэжьыгъэ тлъытэу, я Iэужь дгъэлъапIэу дыпсэумэ, ди лъэужьыр мыкIуэду дыпсэунущ.

ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм и унафэщI Шэрджэс Расьят къыщыпсалъэм бзэм, лъэпкъым теухуауэ сабийхэм дерс иратхэм, япэу ирагъэцIыху тхакIуэхэм, цIыху цIэрыIуэхэм Къандурыр зэращыщыр, абы и Iэдакъэщ Iэкl фильмхэр егъэджэныгъэ IуэхумкIэ сэбэпышхуэ къазэрыхуэхъур жиIащ.

— «Черкес» фильмым еплъа иужькIэ сабийхэм лъэпкъ тхыдэм теухуауэ яIэ еплъыкIэм зехъуэж, абыхэм IупщIу я нэгу къыщIоувэ лъэпкъыр зыхэта хьэзабыр, яфIэгъэщIэгъуэн мэхъури тхыдэр нэхъ кууу ядж. Къандурыр нобэкIэ къытхэмытыжми, абы Iэужь бей къытхуигъэнар лъэпкъым и дыщэ пхъуантэщи, абы и цIэр зэи адыгэм щыгъупщэнукъым. Абы хуэдэ куэд ди лъэпкъым къыхэхъуэну сыхуохъуахъуэ, — жиIащ Расьят.

Зэхыхьэм щытепсэлъыхьащ Къандурхэ я унагъуэ дахэм, абы ящыщ дэтхэнэми ехъулIэныгъэ ин зэрагъэм. Псом хуэмыдэу зэхэпхыну гуапэт зэщхьэгъусэхэм я щIалитIми я анэдэлъхубзэр зэрагъурылъыр.

Къэрэшей-Черкес Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Дэбагъуэ Фатимэ къыкIэлъыкIуэу псалъэ иратащ.

— Къандурым хуэфащэ псалъэ лъагэ хужыпIэну, абы и гъащIэ гъуэгуанэ бгъуфIэр зы пшыхькIэ къызэщIэбубыдэну гугъущ. Дэ къалэну зыхуэдгъэувыжар ар зыцIыхуу щытахэм я гукъэкIыж дахэмкIэ зымыцIыхухэр нэIуасэ хуэтщIынращ. «ЕхъулIэныгъэ зи бащэ сыт хуэдэ цIыхухъуми и щIыбагъ щхьэгъусэфI къыдэтщ», — жыIэгъуэр зэрыпэжыр хьэкъ ящI мы унагъуэм. Мухьэдин дыхуэзэну ди насып къимыхьами, ди щэнхабзэмкIэ Унэм дэ щыдгъэлъэпIауэ щытащ абы щIыбагъ быдэу иIа, усакIуэ цIэрыIуэ Бэлагъы Любэ. ИкъукIэ пшыхь дахэ, гукъинэж хъуат.

Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм ди къалэныр а IэнатIэм хэт цIыху щэджащэхэр дгъэлъэпIэнращ. Фатимэ къызэхуэсахэм къахуеджащ Бэлагъы Любэ и Iэдакъэ къыщIэкIа «Адыгское дитя» усэм.

Къандур Мухьэдин и цIыхугъэ лъагэм, губзыгъагъэм, и зэфIэкI инхэм я гугъу ищIащ Бэлагъы Роберт:

— Мухьэдин и Iэдакъэ тхылъ 49-рэ къыщIэкIати, абы щыщу 37-р дуней псом цIэрыIуэ щыхъуащ. Къинэмыщ1ауэ, ар «каратэ» спорт лIэужьыгъуэм хуэIэзэт, уеблэмэ, «бгырыпх фIыцIэ» иIэт. Апхуэдэуи, ар автогонщик бэлыхьу щытащ, абы къыхиха фэбжьым и зэранкIэ и лъакъуэ лъэныкъуэм гъущI халъхьауэ зэрыщытам куэд щыгъуазэкъым. А унагъуэм згъэщIагъуэу зы хьэл яхэлът, абыхэм я щIэблэм бзэр ирагъэщIэн папщIэ зы махуэм адыгэбзэ къабзэкIэ зэпсалъэт, къыкIэлъыкIуэ махуэм хьэрыпыбзэкIэ, адрейм инджылызыбзэкIэ мэпсалъэ.

Хьэбэз къуажэм и тхьэмадэ Туаршы Беслъэн лъэпкъым и щхьэ кърикIуа гуауэмрэ гузэвэгъуэмрэ кууу зыхэзыщIа тхакIуэм пщIэ ин хуэфащэу къызэрилъытэр къыхигъэщащ и псалъэхэм.

— Сэ сызэреплъымкIэ, мыпхуэдэ пшыхьхэр нэхъыбэрэ егъэкIуэкIын, лъэпкъым къыхэкIа цIыхушхуэхэр щIэблэм егъэцIыхун хуейщ. Къандурым мыбдеж щытепсэлъыхьыху си гур хэхъуэт, апхуэдэ цIыху ди лъэпкъым къызэрыхэкIам, апхуэдиз зэфIэкI зиIэ цIыху цIэрыIуэм ди лъэпкъым гууз-лыуз ин зэрыхуиIам уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым. И Iэдакъэщ1эк1хэм щыщу сызэмыджахэр къэзгъуэту седжэну сыхуейщ. Лъэныкъуэ куэдкIэ зэфIэкI ин къэзыгъэлъэгъуа адыгэлIым хуэдэхэр нэхъыбэу лъэпкъым диIэну, диIар тщымыгъупщэу дыпсэуну си гуапэщ, — жиIащ Туаршым.

Пшыхьым адыгэ макъамэ дахэ щагъэзэщIащ лъэпкъ IэмэпсымэхэмкIэ «Вагъуэбэ» ансамблым.

БЕМЫРЗЭ Залинэ

Тетам пэджэжу

ЦIыхур ныбжь гуэрым щынэскIэ, зоплъэкIыжри, гъащIэм сэбэп къыхуэхъуа, ифI къызэкIахэр игу къокIыж.

Иджы дыдэ «Черкес хэку» газетым тета, Куэш-Хьэблэ къуажэм щыщ зауэлI хахуэу щыта, егъэджакIуэ цIэрыIуэ Борэныкъуэ Хъызыр теухуа тхыгъэм сыщеджам, пэжыр жысIэнщи, сигъэпIейтеят а лIы хъарзынэр ди пащхьэ щита зэманыр нэгум зэуэ къыщIэувэжри...

Сыту мыхьэнэшхуэ иIэ цIыхум и фэеплъыр хъумэным! ФIыщIэ ин яхуэфащэщ апхуэдэ цIыху къызэрымыкIуэхэр дигу къэзыгъэкIыжхэм, тщызымыгъэгъупщэхэм.

ЦIыхугъэр къызэбэкIт

«УцIыкIуу плъагъур пщыгъупщэжкъым» жэуэ ауэ сытми жаIакъым. 1965 гъэм еджапIэм и япэ классым сыкIуэн щыхуеям, уи ныбжь нэсакъым, жари сащтатэкъым. Иджы а лIы хъарзынэр зы унэкIэ фIэкIа тпыIумыдзауэ псэути, еджапIэм къыщикIыжу щыслъагъукIэ сыгът. Ари дауэ сигу къэкIат, «сызэрыгъыр илъагъумэ, еджапIэм сыздишэнщ», жыхуэсIэу. Арати, си гъыныр иужэгъуагъэнти, къаджэри си анэшхуэм къыщеупщIым: «Алыхь мыгъуэ, ар щIэгъыр арамэ, еджапIэм сегъащтэ!» — жеIэ.

«Уэлэхьи, апхуэдизрэ сабийр гъыуэ семыплъыфыну, Мэржанэт, пщэдей нэху здэщым нашэ, хузэфIэмыкIрэ, дяпэгъэ езым и пIалъэм техуэу нэфшэнщ!» – жери, кIуэрыкIуэм тету ищIа унафэмкIэ къыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым си классым сахэсу япэрей дерсым сыщIэст. Ар си еджапIэ кIуэкIэ хъуат Хизир Муссович и фIыгъэкIэ.

ЕджапIэм мазэкIэ еджагъэххэхэм сахэзэрыхьыжауэ йокIуэкI. Зы хьэрф емыджа си анэшхуэр си тетрадхэм йоплъ, къабзэмэ, щогуфIыкI, къэрэндащ плъыжькIэ къыхахыжа щыуагъэ илъагъумэ: «ЕмыкIущ мыр, шыбжиитхъу тедза нэхъей, Борэныкъуэм илъагъумэ!» - жиIэт.

Сэрати, семыджэфмэ, сыкъыщIахужынкIэ сышынэти, слъэкI къэзгъанэтэкъым. Хъызыр и щхьэгъусэ Лоли егъэджакIуэу щытати, шэджагъуэ нэужьхэм сыкIуэмэ, седжэфу, нэхъ дахэу сытхэфу сригъасэт. «Сэ уэри узипхъу цIыкIущ, си бынхэм хуэдэу, уэри фIыуэ еджэ!» - къызжиIэт щIэхщIэхыурэ, апщIондэхукIи, ди деж сыкъэкIуэжмэ, сыщIэупщIэт, сэри «Лолэ срипхъу?» жысIэти. А гушыIэ псалъэр Хъызыр щыжраIэжым, и фIэщу и щхьэгъусэм егият, «Сабийр гуитI-щхьитI щхьэ пщIырэ!» жери.

Сабиигъуэм хиубыда теплъэгъуэу си нэгу къыщIэнам ящыщщ езы Хъызыр и теплъэр. Сытым щыгъуи и военнэ фащэр къекIурэ, хуэфIыбзэу щыгът, къубас бгырыпхыр щIэлъыжу. Фэ пIащIэм къыхэщIыкIа и шырыкъуитIыр укъищу лыдт, щызекIуэкIэ псалъэу. Военнэ фащэм и фэгъуу и щыгъын щIыIу телъри жьым щIихуу къыщыдыхьэжкIэ, псори кIэлъыплът, пщIэ зэрыхуащIыр, фIыуэ зэралъагъур я плъэкIэм къиIуатэу. Псори къыхуэтэджт, ар армырами адыгэ хабзэм къриубыдэти.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, тхыдэ дерсыр етхуанэ классым къыщыхьэм, ди нэхъыжьыфIыр егъэджакIуэу нытхуагъэкIуащ. «История древнего мира» жэуэ зытедза, дызэреджа тхылъыр иужькIэ дапщэрэ сымылъэгъуами, зи фэ есплъыр Хъызырт. Дауэ тфIэмыгъэщIэгъуэнынрэт фирхьэунхэм теухуауэ къыджиIэ хъыбархэр, апщыгъуэми урысыбзэ нэхъуса дахэ дыдэкIэ!

Бгъэдэлъа цIыхугъэшхуэм къинэмыщIауэ, зэчиифIэт, псоми къахэщу къафэу щытауэ жаIэж, езым и уэрэди иIэжу, ар кърамыгъэкIмэ, къэмыфэу. Апхуэдэ цIыху къызэрымыкIуэр уигу къимынэнкIэ Iэмал иIэтэкъым!

Дунейм ехыжауэ щыдахым еджапIэм къикIар хьэблэм дэхуэтэкъым, егъэджакIуэхэм, райони, къуажи къикIа IэщIагъэлIхэм ябгъурыту жэнэзым хэтт еджакIуэу къуажэм дэс щIалэ цIыкIухэр, еджапIэм къыбгъэдэкIыу къахьа удз гъэгъа ухуэнахэри яIыгъыу. Хъыджэбз цIыкIухэрати, Хъызыр ипхъухэм ябгъурыту, я нэпсхэр къещэщэхыу уэрамыкум иту кIэлъыгът! Апщыгъуэм Хъызыр и ныбжьыр илъэс 48-рэ фIэкIа ирикъуатэкъым, ар щыщIалъхьа февралым и 11 махуэр, си гугъэмкIэ, куэдым ящIэж.

ГъащIэ шэрхъыр къекIэрэхъуэкIыурэ, си IэщIагъэм и Iуэхукlэ Къэрэшей районым ит, Марыхъу щхьэдэхыпIэхэр зыхъумахэм я фэеплъ мемориалым хэт тхыдэщым телевиденэм нэтын щытетхыу, срихьэлIат абдеж блыным фIэдза стенд, Хъызыр и сурэтри, и гъащIэм теухуа тхыгъэ мащIэри иту! Абдежым иджыри зэ си нэгу къыщIыхьэжат и зауэ нагъыщэхэм я щыхьэт лентI зэмыфэгъу цIыкIухэр зыхэлъ и джанэри щыгъыу, егугъуу дэлъэщIея и щхьэц фIыцIабзэм налъэ къыхэхуамэ, дрихьеижурэ дерсым щыщ хъыбархэр къыщыджиIэу щыта сыхьэтхэри.

«Марыхъу мылылъэм къыщыхыхьа щIыIэр, гугъуехьыр, мэжэщIалIэр, псори зэхыхьэри и узыншагъэр ихьащ!» — жиIэу зэхэсхт и щхьэгъусэм. Ауэ бныфI къыщIэнат Хъызыри, Лолэ фызабэ хъуами, и бынхэр и гурыфIыгъуэт.

Хъыджэбзиплрэ щIалитIрэ хъути, псоми институт къаухащ: Харьков дэт ерыскъы промышленностым здыхурагъаджэ институтыр — Лидэрэ Фатимэрэ, Светэ – Карачаевск къалэм дэт пединститутыр, Зулимэ — Ставрополь мединститутыр, ПIатIэ (Анатолэ) — Элиста дэт Къалмыкъ къэрал университетыр, Уэзир - Черкесск дэт политехническэ институтыр.

Жьыщхьэ махуэ хъуауэ и щIалэхэм я быни илъагъужат Лолэ, ауэ убгъэдэтIысхьамэ, мащIэу нэщхъей зыщIэлъ и нэм щIэплъагъуэт и щхьэгъусэм теухуа гукъэкIыжхэр и нэгу къыщыщIыхьэжкIэ...

КЪАРДЭН Заремэ,
КъЧР-м щIыхь зиIэ и журналист

«Черкес хэку»-р ильэси 100 щрикъум

Черкес хэку 100

КЪЭРЭШЕЙ-ЧЕРКЕСЫМ адыгэбзэкIэ къыщыдэкI «Черкес хэку» газет закъуэр мы гъэм, 2024 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12-м, илъэси 100 ирикъунущ.

ЛIы ныбжь пIалъэм къриубыдэу газетым къикIуа гъуэгуанэм урилъэжмэ, нэрылъагъу мэхъу адыгэ тхыдэм и зы Iыхьэ ар зэрыхъуар, гуауэ зэхуэмыдэхэм къела лъэпкъ къутахуэм зыкъиужьыжын папщIэ лэжьыгъэшхуэ зэригуэщIар.

Сэ си насып къихьащ илъэс 45-кIэ газетым сыщылэжьэну. А пIалъэм редактор нэхъыщхьэу нэрыбгиплI зэсхъуэкIащ. ПлIыми Iуэхум езыхэм я бгъэдыхьэкIэ хуаIащ, зэщхьуи тIу яхэтакъым. Мыбдеж хэткIи нэхъыщхьэу щытар журналист, редакцэ лэжьыгъэм тегъэпсыхьарэ темыгъэпсыхьарэ щытынрат. Зэуэ жысIэнщи, абыкIэ Дэбагъуэ Мухьэмэд адрейхэм яфIэкIт. Дауэ зэрефIэкIыр? Щыуагъэншэу тхэным къыщыщIэдзауэ газет щIыным, къыдэгъэкIыным пыщIауэ зыхэмызагъэу зыри щекIуэкIакъым редакцэм. Гупыр зэгурыIуэу, зэдэIуэжу зэдигъэлэжьащ. Езым адыгагъэ, цIыхугъэ хуабжь хэлът. Сабий къызыхуалъхуами, фэтэр къызратами, зи бын къэзышами, яшами ядэгуфIэт, нэщхъеягъуэхэми хэти нэIэст, хэкIыпIи къигъуэтти, ахъшэкIи ядэIэпыкъут.

Нобэр къыздэсым сщыгъупщэжкъым зы Iуэхугъуэ. Си къуэ нэхъыщIэр институт щIыхьэти, ахъшэ итыну къыхуагъэуват. Си щхьэ бжьэ еуа фIэкI умыщIэу, гукъыдэжи симыIэу, лэжьапIэм сыкъыздэкIуам Мухьэмэд сыIууащ икIи сыщIэгузавэр жесIащ. Асыхьэту сыкъыгурыIуэри:

— А уи къуэ цIыкIу сцIыхур уи мызакъуэу сэри си къуэ цIыкIуу солъытэ. Мыдэ къитIысхьэ машинэм, — жери, «Черкес» совхозым нэтхусащ, щIэкIуари директорым жриIащ.

Гъубжокъуэхэ я лIыр гупсысэм иубыдауэ къыжьэдэкIащ:

— Уэ унэжын, нэрыбгибгъум тхылъ ястащ.

— А бгъум епщIанэ ирехъу дыдейр, — Мухьэмэд идакъым.

Зыми пэзмыщIу фIыуэ слъэгъуа газет

— Хъунщ тIэ, ауэ сыволъэIу институт нэужьым щIалэр ди деж къэвмыгъэкIуэну, — ди хьэтыр къилъагъури, апхуэдэ псалъэхэмкIэ дызэбгъэдэкIыжауэ щытащ.

Дыгъуасэ хуэдэу фIы дыдэу сощIэж иджы редактор нэхъыщхьэ хъуа Абидокъуэ Люсанэ лэжьэну ди деж къыщыкIуар. А далэм Жьакуэ къуажэм къыщыщIэдзауэ Беслъэней жылэм щиухыжу редакцэм щызэблэмыкIа къэнакъым (псори бзылъхугъэ защIэу). КъакIуэр сытым и сэбэпт, тхэну зэрыхуежьэу IукIыжхэт. Мыбдеж гум къокIыж ди деж щылэжьа зы корреспондентым «Редакцэм ущылэжьэныр хъунут тхэнымрэ дежурнэн тIэкIумрэ хэмытамэ» жэуэ зэрыжиIар.

Дагъэщтати, пэжым фыхуеймэ, Люсанэ щыгъуэми сытхытхауэ щытащ ари бзылъхугъэ бжыгъэм къахыхьащ къизгъэкIыу. Ауэ мыбдеж Iуэхум псынщIэу зызэридзэкIащ: жыIэщIэт, хуабжьу жант, жепIэр зыхиубыдэт. Си щхьэкIэ згъэщIагъуэт заочнэуи здеджэ Карачаевск къалэми кIуэныр ауэми къемыхьэлъэкIыу лэжьэным зэрыдихьыр. А хьэлщэнхэм наIуэ къащIащ абы дызыхуей журналист къызэрыхэкIынур икIи редакцэм нэхъ хьэлъэ дыдэу ялъытэ жэуап зыхь секретарь IэнатIэр пщэрылъ хуащIащ. Сэ илъэсиблкIэ а IэнатIэм сыIутати, сщIэт ар Iейми, фIыми зыхуэдэр. Армэм деж ар хуэбгъадэ хъунущ штабым унафэ хуэзыщIым. АдэкIэ фэ фегупсысыж!

... Адыгэ республикэм сыкIуауэ нэIуасэ сыхуащIт «Адыгэ макъ» газетым и лэжьэкIэм. Къудамэхэр къызэхэткIухьурэ дынэсат «жэуап зыхь секретарь» псалъэхэр зытет пэшым. Къыбгъурыт пэшым секретарым и дэIэпыкъуэгъур щIэст. Абы и къулыкъур зыхуэдэр белджылытэкъыми, сыщыщIэупщIэм «Сэ жэуаплъыгъэ зымыхь сысекретаршц, щIалэ» жэуэ къызэрызжиIар къысхуэнэри, сыгушыIэу Люсанэ куэдрэ сеупщIт «Уэ усыт хуэдэ секретарь?» жэуэ.

Апхуэдэу жэуапыхь секретару щытыным икIри редактор нэхъыщхьэ IэнатIэм нихусащ, фIы дыдэуи мэлажьэ. Газетым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм махуэ къэси уегъэгуфIэ, дяпэкIи и мурадхэр нэхъ иныжщ. Алыхьым хущIигъыхьэ нэхъыбэжым езыри, и лэжьэгъухэри! Сэ сыхуэарэзыщ, си псалъэ тIу ирищIыкIакъым.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ Люсанэ ди адыгэм (черкесхэм) я тхыдэм япэрей бзылъхугъэ редактору игъащIэкIи къызэрыхэнэнур. СэркIэ ар хамэкъым – си нэм, си псэм хуэсхь си къуажэм и нысэщ. Дауи, ари хэтауэ къысфIощI егъэлеяуэ нэхъыжь гулъытэм зэрыщIэтар. И цIыху щIыкIэкIи гуапэу, гуфIэпсыжу, лъэкIымкIэ хэти зэрыдэIэпыкъуу щытам и щапхъэ куэд къэсхьыфынущ. Иджы щэ? Иджыри а хьэл-щэнхэм текIкъым.

КЪАНТЕМЫР Тыркубий.

Тхыгъэм къыкIэлъыкIуэнущ

КЪАНТЕМЫР Тыркубий и сурэт гъэтIылъыгъэ: "ЩIыхьэхум зыщыдогъэпсэху"

Хьэршым и Дунейпсо Махуэм

1961 гъэм мэлыжьыхьым и 12-р цIыху цIыкIумкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ, тхыдэм быдэу хэпщIа махуэщ. Апщыгъуэм, ди къэралышхуэм и космонавт Гагарин Юрий «Восток» космическэ кхъухьымкIэ ЩIы хъурейр япэ дыдэу къилъэтыхьауэ щытащ. Абы зы сыхьэтрэ дакъикъэ 48-рэ зэману ихьат. Хьэршыр къэгъэIурыщIэнымкIэ ар, дауи, къызэрымыкIуэ къэхъукъащIэт.

Космонавтикэм и махуэр Къэрэшей-Черкесым щагъэлъэпIащ

Апхуэдэу, Гагарин Юрий и цIэр дуней псом цIэрыIуэ щыхъуащ. КIуэ пэтми, а махуэр тпэIэщIэ хъуми, цIыху цIыкIум ар хузэфIэкIын папщIэ лэжьыгъэшхуэ къызэрызэринэкIар зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым. Аращ, мыпхуэдэ махуэр гъэлъэпIэнми гулъытэ щIигъуэтыр.

Ди республикэм и районхэмрэ къалэхэмрэ а махуэм Iуэхугъуэзэхуэмыдэхэр къыщаIэтащ.

Черкесск къалэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэм гуфIэгъуэ концерт щекIуэкIащ. Черкесск къалэмкIэ мы махуэм мыхьэнэ хэха иIэщ. Къалащхьэм дэт щэнхабзэ зыужьыныгъэмкIэ Купсэм щIэблэм я зэчийм, къэухьым зегъэужьынымкIэ лъэкI къигъанэкъым.

А махуэр тIуащIэ махуэщI зыхуэхъуа Купсэм и гъэсэн цIыкIухэм концерт гъэщIэгъуэн къагъэлъэгъуащ…

Хьэбзэ районым и еджакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмри Космонавтикэм и махуэм жыджэру хэтащ. ЕджапIэхэм щрагъэкIуэкIа IуэхугъуэхэР ныбжьыщIэхэм я щIэныгъэ, творческэ зыужьыныгъэм хэгъэхъуэным, хэкупсэ гъэсэныгъэм хуэгъэзауэ щытащ.

Нэхъыщ цIыкIухэр нэIуасэ хуащIащ япэу хьэршым лъэта цIыхум, космонавтикэм епхауэ IэщIагъэ зэхуэмыдэхэм, Белкэрэ Стрелкэрэ зи цIэ хьэ цIыкIухэр псом япэ абы зэрылъэтам, а лъэныкъуэм елэжь щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм, нэгъуэщIу, хьэршым ехьэлIа хъыбархэм. Нэхъыжь классхэм тематическэ класс сыхьэтхэр щрагъэкIуэкIащ.

Къинэмыщ Iауэ, егъэджапIэхэм «Я вижу землю! Это так красиво!» щхьэщIэдзапIэм щIэту, «Разговоры о важном» дерсыр ирагъэкIуэкIащ, «Космический диктант» Урысейпсо акцэми жыджэру хэтащ. А акцэр зыхуэгъэзар хэкум и космонавтикэм ехьэлIа тхыдэр фIыуэ псоми ягъэцIыхунращ. Диктантым къыщыхьа упщIэхэр гъэщIэгъуэнт. ЕджакIуэхэм я щIэныгъэр здынэсым еплъын яхузэфIэкIащ, ямыцIыху щIэ куэдми нэIуасэ зыхуащIащ.

БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ

Хьэршым хуэгъэщIауэ Iэмэпсымэ 50 къэзыгупсыса адыгэ бзылъхугъэ

Ащхъуэт Людмилэ и цIэр хьэршым (космосым) пыщIахэм фIыуэ яцIыху. А бзылъхугъэм и гуащIэ а IэнатIэм зэрыхилъхьам и мызакъуэу, а унэтIыныгъэ мытыншым зригъэужьын, иригъэфIэкIуэн хузэфIэкIащ. Къэбэрдей – Балъкъэрым хыхьэ Тэрч щIыналъэм егъэбыдылIа Курп - Ипщэ къуажэ жыжьэм къыщалъхуа бзылъхугъэм къыллъыкъуэкIа акъыл жанагъымрэ губзыгъагъымрэ гъэщIэгъуэнщ...

Зи гугъу фхуэтщI бзылъхугъэр зэи хамэ къэрал щыIакъым, уеблэмэ, Санкт-Петербург нэгъунэ нэсакъым, ауэ, абы космонавтикэм ехьэлIауэ къэхутэныгъэ бэлыхьу 50 ищIащ, ар NASA-м къыщалъытащ.

Хьэршым зэман кIыхькIэ псы къабзэ зэрыщыпхъумэфыну Iэмалыр, шхынхэр зэрызэрахьэ тюбикхэр, нэгъуэщI куэди къигупсысащ абы. Адыгэ унагъуэ къызэрыгуэкIым къыхэкIа хъыджэбз цIыкIум апхуэдэ гъащIэ телъыджэ къыпэщылъу хэт и гугъэнт?

Ащхъуэт Людмилэ 1938 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Тэрч щIыналъэм къыщалъхуащ. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм абы и унагъуэр къуажэм дэIэпхъукIауэ щытащ. И анэмрэ езымрэ я жылэм къыщагъэзэжам я унэм и ныкъуэр щытыжтэкъым. А унэ зэхэкъутам щIэсащ ахэр, адэр зауэм къыщикIыжынум пэплъэу.

Людмилэ и адэр фронтым къыщикIыжар 1946 гъэращ. Ар еджати, колхозым и унафэщIу ягъэуващ, иужькIэ МТС-м и унафэщIу Дзэлыкъуэ щIыналъэм ягъэкIуащ. Людмилэ дэлъху-щыпхъуи 4 иIэт. Зэщхьэгъусэхэм я быным щIэныгъэ ирагъэгъуэтыну щIэхъуэпсырти, Людмилэ еджапIэр дыщэ медалкIэ къиуха иужь, институтым щIэтIысхьэну мурад щищIым, яхузэфIэкI псомкIи зыщIагъэкъуащ.

А лъэхъэнэм хэпсэукI куэдым хуэдэу Людмилэ щыгъыныджэт. ЩIымахуэм ар къуажэ псом кIуэцIрыкIыу еджапIэм зэрыкIуэр хъыдан вакъэ пIащIэт. А гъэ еджэгъуэр и кIэм нэмыс щIыкIэ абы и жьэжьейхэм щIыIэ хигъыхьэри махуэ плIыщIкIэ сымаджэщым щIэлъащ. И жьэжьей лъэныкъуэр кърахыу унэм къэкIуэжа иужькIи, ар хьэку дапхъэм тесу зыкъомрэ яхъумащ.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсым и гъэ еджэгъуэщIэращ абы еджэным щыпищэжар, занщIэу етIуанэ классым ягъэкIуат, и ныбжьхэм ялъэщIэмыхьэжын ягугъа щхьэкIэ, еджэным гу хуэзыщIа хъыджэбзым ар къехьэлъэкIакъым.

«Сэ фIыуэ седжэт, сфIэфIт щIэ гуэрхэр къэсщIэну, урысыбзэр фIыуэ зэрызмыщIэм емылъытауэ (илъэс 12 сыхъуху тэмэму сщIакъым). Бзэр тэмэму къыщызгурымыIуэм, еджапIэм къыдат дерсхэр гукIэ зэзгъащIэу арат», — жеIэ Людмилэ.

«Пэжым ухуеймэ, еджапIэ нэужьым институтым сыщIэтIысхьэфыну сигугъакъым. Ауэ сызэрыцIыкIурэ Москва сыкIуэну сыщIэхъуэпсти, сытегушхуэри ерыскъыпхъэхэмкIэ Институтым сыщIэтIысхьащ. Институтыр фIы дыдэу слъэгъуащ. Совет Союзым ит еджапIэ нэхъыфIипщIым ящыщт ар. Абы хуэмурэ урысыбзэри щызэзгъэщIэжащ.

Ди еджапIэм и гупэм авиацэмкIэ институтыр къитт. Етхуанэ курсым сыщIэсу абыкIэ сыблэкIрэ пэт сеплъэкIри, «мыбы сыщеджэнт!» жысIэри сигу къэкIати занщIэу сыхущIегъуэжащ, ауэ си щIэныгъэм хэзгъэхъуэным и гупсысэр щэхуу згъафIэт», — игу къегъэкIыж Ащхъуэтым.

ЕджапIэр къиуха иужь Людмилэ Налшык щылэжьэну къагъэкIуэжащ. Куэд дэмыкIыу ар нэIуасэ хуащIащ иужькIэ щхьэгъусэ хуэхъуа Нэгъуей Мыхьэмэт. Ар а лъэхъэнэм Звезднэ къалэ цIыкIум Королёв Сергей деж щылажьэт.

«Дызэрышэу Москва дыкъэIэпхъуэжа иужь, си хъуэпсапIэр зэзгъэхъулIащ, авиацэмкIэ институтым «Конструктор систем жизнеобеспечения космонавтов в пилотируемых космических кораблях» къудамэм сыщIэтIысхьащ», — жеIэ бзылъхугъэм.

Зэщхьэгъусэхэр ипэ лъэхъэнэм общежитэм щыпсэуами, куэд мыщIэу Мыхьэмэт Байконурым ахъшэфI къыщилэжьри унэ къащэхуащ. 1963 гъэм, сабий зэрагъуэтрэ илъэс дэкIауэ, Людмилэ Звезднэ къалэ цIыкIум Королев Сергей и унафэм щIэту лэжьэну ирагъэблэгъащ. Ар абы дежкIэ насыпышхуэт.

Ащхъуэтым Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр къигупсысурэ ищIт, ахэр къызэрысэбэпыр игъэунэхут. 1974 гъэм ар «Энергия» IуэхущIапIэм и ракетэ-космическэ къудамэм и конструктор бюро нэхъыщхьэм ягъэкIуащ. Космонавтхэр хьэршым щылъатэкIэ къагъэсэбэпыну зыхуеинухэр щащI къудамэм и унафэщIу ягъэуващ.

Зэщхьэгъусэхэм ящIэмрэ ялэжьымрэ теухуауэ жаIэнIауэ хуиттэкъым. Я благъэ гъунэгъу дыдэхэри щыгъуазэтэкъым абыхэм я лэжьыгъэм. Ахэр къэралым ирагъэкIтэкъым, щIыхь блыным фIадзэнухэм фIэкIа нэгъуэщI сурэт зытрагъэхыну хуитыныгъэ яIэтэкъым. Космонавтикэм ехьэлIауэ Ащхъуэтым ищIа къэхутэныгъэхэмрэ абы къигупсысахэмрэ ящыщ куэд нобэми «Совершенно секретно» фIэщыгъэм щIэту яхъумэ.

И лэжьэгъухэм ягъусэу абы космонавтхэр зыхуэныкъуэну ерыскъыхэкIхэр зэзэгъыу зэхилъхьащ, космосым щыIэхэр я къабзэлъэбзагъым зэрыкIэлъыплъыну Iэмалхэр къигупсысащ, ерыскъыр зэрызэрахьэну контейнер, нэгъуэщI Iэджи къагупсысащ. Абыхэм я фIагъым и щыхьэтщ ахэр нобэми ди къэралым шаттлхэми и мызакъуэ США-м и къызэрыщагъэсэбэпыр.

Ащхъуэт Людмилэ къигупсыса псоми я щхьэу къелъытэ космонавтхэм пIалъэ кIыхькIэ псы къабзэ щахъумэфыну ищIа псылъэр. Космонавт къэс псы литр тIурытI махуэм ireф. Космосым япэу щылъатэ лъэхъэнэм абыхэм псы литритху зэрыхуэ псылъэкIэ хуашэт. Ауэ абыхэм щIыпIэшхуэ яубыдт, икIи яхурикъутэкъыми, къытрагъэзжурэ яшэн хуей хъут. КъинэмыщIауэ, апхуэдэ псылъэхэм итыр къабзэу зэрыщытыр мазих къудейт. Ащхъуэтым псылъэ ин ищIын хуейуэ и пщэрылът. Арати, абы и гупыр игъусэу, литр 25-рэ зэрыхуэ чей ищIащ. Дыжьыным и ион абы хилъхьахэм я фIыгъэкIэ псыр илъэсищкIэ зэнзэныпсу къабзэу щытт.

Абы папщIэ Ащхъуэтым 1981 гъэм ВДНХ-м и дыщэ медалыр къратащ, абы NASA-м и IэщIагъэлIхэр къыщытхъуащ. А лъэхъэнэм ракетэ ухуэныгъэм зиужь къудейт. Американхэм я двигателхэр ирагъэфIакIуэу арат, ди къэралым двигателым и мызакъуэу, космонавтхэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщынми щегугъут. «Союз-Аполлон» фIэщыгъэм щIэту ди къэралымрэ Америкэ Штат Зэгуэтхэмрэ зэгъусэу ящIа проектым, космонавтхэр зыхуеинухэмкIэ къызэрызэрагъэпэщар зэрыщыту ди Iэмэпсымэщ.

— Американхэм дэ тщIа псылъэхэм щапхъэ трахат, нобэми ара сфIощI къагъэсэбэпыр. 2006 гъэм си лэжьыгъэм папщIэ фIыщIэ къызхуащIу Америкэм къикIри тхыгъэ къысхурагъэхьат, — жеIэ Людмилэ.

Ащхъуэтым ищIахэм ящыщу дунейм къытемыхьэу къэнаи щыIэщ. Мы и гукъэкIыжыр абы и щыхьэтщ.

«Дзэ IэнатIэм Iутхэм еIэзэ дохутыр унагъуэкIэ ныбжьэгъу тхуэхъуауэ дызэкIэлъыкIуэт. Еуэри, зэгуэрым дытепсэлъыхьащ гемотораксым и зэранкIэ щIыху куэд зауэ лъэхъэнэм зэрыхэкIуэдам. УIэгъэ хъуа щIыхум лъымрэ хьэуамрэ зэхэту и бгъэгум къызэрыкIуэу щIыхум зимыщIэжу къомэх, ар къезыгъэлыфынур икIэщIыпIэкIэ операцэ ящIмэщ. Дохутырхэм жаIэт а дакъикъэм бгъэгур гъуанэ зэращIын Iэмэпсымэ яIэу лъымрэ хьэуамрэ зэхэту кърагъэжьыфмэ, щIыхур къызэрелынур. Ар зигу изубыда бзылъхугъэр етIуанэ махуэм и унафэщIым деж щIыхьэри апхуэдэ Iэмэпсымэ ирагъэщIыну хуитыныгъэ къаIрихащ. Куэд дэмыкIыу бзылъхугъэм и мурадыр къехъулIащ, тхьэмбылым лъы кIуар къызэрырагъэкIыж Iэмэпсымэ хьэлэмэт ящIат.

УIэгъэ хъуа щIыхум и бгъэгур залэ хуэдиз и инагъыу зэгуагъэж, мыбыхэм ящIар а гъуанэм ирагъэувэ, лъыр кърагъэкIри, щIыхум жьы ишэн щIедзэж. Абы и фIыгъэкIэ уIэгъэ хъуа щIыхур зы тхьэмахуэм къриубыдэу яхуэгъэхъужынут.

Апхуэдэ гуэри а лъэхъэнэм щыIэтэкъым, Ащхъуэтым и Iэмэпсымэм хуэдэу 20 щащIащ заводым. А лъэхъэнэм Афганистаным зауэ гуащIэ щекIуэкIти, а 20-р зауэм щыIэ дохутырхэм иратащ. Бзылъхугъэм илъэс куэдкIэ ихъумащ Туркестан дзэ щIыналъэм 1984-1986 гъэхэм щрагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм кърикIуахэр зэрыт протоколыр. Абы и фIыгъэкIэ щIыху 70-м нэблагъэ кърагъэлащ, протоколым итт а Iэмэпсымэм и фIагъ лъагэм щыхьэт техъуэ псалъэхэр. Дохутырхэр лъаIуэт апхуэдэ Iэмэпсымэ куэду къыщIагъэкIыну. Узыншагъэр хъумэнымкIэ Министерствэр апхуэдэ Iэмэпсымэ куэду къыщIэгъэкIыным арэзы техъуауэ къэралым зэхъуэкIыныгъэ инхэр къыщыхъущ, Ельцин Борис къулыкъум теувэрии… Мы Iуэхум трагъэкIуэдэн ахъшэ хухамыхыфу нобэми къэсащ.

— ИкIэм-икIэжым лъэIуэным сригъэзэшри сыувыIэжащ, — жеIэ Людмилэ. — Реанимацэм щылажьэ си ныбжьэгъу дохутырхэм зыкъыскуагъазэурэ аспиратор щхьэкIэ Iэджэрэ къызэлъэIуащ, ауэ, сытыт сэ схуэщIэнур… Сыт хуэдэ авторскэ лэжьыгъэм и щыхьэт тхылъми илъэс 20-щ пIалъэу иIэр. Абы яужь а Iэмэпсымэм ещхьхэр къыщIагъэкIын щIадзэри сэ хъэзгупсысам мыхьэнэ имыIэжу къэнат, — жеIэ бзылъхугъэм.

Ащхъуэтым нобэхэми игу къоуэ абы ищIа Iэмэпсымэр цIыхухэм къахуэмысэбэпу зэрагъэкIуэдар.

Людмилэ и щхьэгъусэр 1994 гъэм дунейм ехыжащ. Езыр и щIалэм и унагъуэм хэсу Королёв щопсэу. Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэжыну щIохъуэпс, ауэ зэкIэ и Iуэху хуэкIуэкъым.

И лэжьыгъэм теухуауэ Людмилэ сыхьэт бжыгъэкIэ псэлъэфынущ, зэрыгурыIуэгъуэщи, къиIуэтэжыни и мащIэкъым.

— ИкъукIэ фIыуэ слъагъут си лэжьыгъэр, сэ цIыху гъэщIэгъуэн, губзыгъэ куэдым садэлэжьащ. Космонавтхэр хьэршым къикIыжу щIыгум къызэретIысэхыжу ди къудамэм къакIуэти, дэ яхуэтщIу къызэдащта Iэмэпсымэхэр зэрылажьэм, къазэрыхуэсэбэпам и гугъу къытхуащIт. Ди къудамэм хьэуам, псым, кIэрыхубжьэрыхуэм и IуэхукIэ жэуаплыгъэ ин и пщэ дэлэт. ИкъукIэ лэжьыгъэ гъэщIэгъуэн сиIащ, ди щхьэщыгу итым сыхуэарэзыщ апхуэдэ гъащIэ дахэ къызэрызитам папщIэ, — къыщIегъуж бзылъхугъэм

ЩОМАХУЭ Залинэ

Фэеплъ зэпеуэм къикIыу

ГъэсакIуэфIыр ящыгъупщэкъым

Хьэгъундыкъуей жылэжьым дэт клубым къекIуэлIахэр а махуэм гуфIэгъуэми гухэщIми зэщIаIэтэт. ГуфIэгъуэт — къуажэм къыщыхъуа щIэблэм я гъэсэныгъэм, Iэпкълъэпкъ псыхьыныгъэм къыпхуэмылъытэну хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа цIыхур — ТыIэщ Хьэсанэ и гуащIэдэкIыр зэрагъэлъапIэр, и щIыхькIэ зэрызэхуэсар.

ГухэщIт — а дауэдапщэхэр фэеплъ Iуэхугъуэу зэрыщытымкIэ. АтIэ, Iэхуитлъэхуит бэнэкIэм и зыужьыныгъэм гуащIэ мымащIэ хэзылъхьа бэнакIуэ лъэрыхьым, гъэсакIуэфIым и фэеплът а махуэм къуажэри, спортым пыщIахэри щIызэхыхьар.

ТыIэщ Кърым-Джэрий и щIалэ Хьэсанэщ Али-Бэрдыкъуэ къуажэм къыдэкIауэ Iэхуитлъэхуит бэнэкIэмкIэ япэ дыдэ СССР-м и спортым и мастер хъуар. А зы закъуэри ирикъунт цIыхум и гуащIэдэкI щIыхьыр ирибгъэлъэпIэн щхьэусыгъуэу.

Зэхьэзэхуэр къыщызэIуахым, къытепсэлъыхьащ игъуэ нэмысу дунейм ехыжа Хьэсанэ и гъащIэ, спорт гъуэгуанэ дахэм. АтIэ, ищхьэ щIэныгъэ зригъэгъуэта нэужь, ар илъэс 30-м щIигъукIэ Хьэбэз къуажэм дэт сабий-щIалэгъуалэ спорт еджапIэ-гъэсапIэм епхауэ лэжьащ.

Хьэсанэ хузэфIэкIащ IэпщIэлъапщIагъ ин зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIу, гъэсакIуэ IэкIуэлъакIуэу, спорт ехъулIэныгъэ лъагэ дыдэхэр зыIэрызыгъыхьэфа спортсмену и цIэр игъэIун. АтIэ, зэкъым Хьэсанэ Iэхуитлъэхуит бэнэкIэмкIэ областым и призёр, чемпион зэрыхъуар. СССР-м спортым и мастер мардэри здыщигъэзэщIауэ щытар Кемерово къалэм дежщ.

Союз псор щызэхэта лъэхъэнэм спортсмен лъэрыхьу утыку ита Хьэсанэ хузэфIэкIащ и IэпщIэлъапщIагъыр гъэсакIуэ IэщIагъэм дежи къызэрымыкIуэу къыщигъэлъэгъуэн. Абы и щапхъэщ Хьэсанэ и нэIэм щIэту игъэса, къуажэм щыщ щIэблэ куэд СССР-ми, Урысейми гуащIэдэкI резервхэмкIэ Жылагъуэм и призер, чемпион зэрыхъуахэр. Апхуэдэщ, Щохъужьхэ Беслъэнрэ Аслъэнрэ, Иуан Хьэсанэ, Бешто Беслъэн, КIэщт Мурат, ХьэкIырэ Арсен сымэ, СССР-м пашагъэр къыщыхьыным хуэгъэзауэ Тбилиси щекIуэкIа спорт зэхьэзэхуэ лъэрыхьым призёр щыхъуа Щохъужь Арсен, нэгъуэщIхэри.

КъахэкIащ Хьэсанэ игъэсахэм езым и лъагъуэм ирикIуахэри. Нобэ къуажэм дэс щIэблэри, гъунэгъу жылагъуэхэм щыщхэри Iэхуитлъэхуит бэнэкIэм дезыгъэхьэххэм, цIыкIухэр уэрамым къытезышхэм, я узыншагъэр быдэ щIыным, я Iэпкълъэпкъыр псыхьыным гуащIэ хуэзыгъэтIылъхэм ящыщщ Бешто Беслъэн. Мы гъэсакIуэм и щIалэ Дамири, Хьэгъундыкъуей къуажэри, районри, республикэри зэрыгушхуэ бэнакIуэ ныбжьыщIэщ. АтIэ, ари мы спорт лIэужьыгъуэм дезыгъэхьэхар и адэращ, Хьэсанэ игъэса Беслъэнщ…

Спорт зэхьэзэхуэм дыхуэкIуэжынщи, ар къызэрагъэпэщащ Хьэбэз район спорт еджапIэм и унафэщI КIэщт Замир я пашэу, ТыIэщхэ я унагъуэм и дэIэпыкъуныгъэшхуэ хэлъу. Апхуэдэу, унагъуэм и жэрдэмкIэ, а зэпеуэм хэтауэ хъуам, зэхьэзэхуэм къекIуэлIахэм: ини цIыкIуи адыгэ ерыскъыхэкI Iуагъэхуащ.

Зэпеуэм къеблэгъащ пIалъэ зэхуэмыдэхэм Хьэсанэ дэлэжьахэр, и ныбжьэгъуахэр, игъэсахэр. Апхуэдэу, абы и къыщIэдзапIэм щегъэжьауэ иухыху утыкум щызэпэщIэта бэнакIуэ цIыкIухэм набдзэгубдзаплъэу яхэплъащ, саугъэтхэр яхуэзыгъэфэщахэм яхэтащ Урысейм, Къэрэшей-Черкес Республикэм щIыхь зиIэ и гъэсакIуэхэр, спортсмен цIэрыIуэхэр: Уэз СултIан, Хъупсырокъуэ Мухьэмэтбий, Сидакъ Аслъэн, Шыбзыхъуэ Беслъэн, Нартокъуэ Аслъэн сымэ, и ныбжьэгъу пэжу иIахэм ящыщ Аслъэныкъуэ Арсен, нэгъуэщIхэри.

Зэпеуэм къыщыпсэлъахэм къыхагъэщащ Хьэсанэ и цIэкIэ зэхаша Iуэху дахэр хабзэм тету дяпэкIи ирагъэкIуэкIмэ, ар IуэхуфI зэрыхъунур. ЖаIащ апхуэдэ щIахайлик Александр. Апхуэдэ гулъытэкIэ къыхагъэщащ Управленэм и лэжьакIуэхэу Уэз Уэзиррэ Нэхущ Мадинэрэ.

Пшыхьым и кIэм Управленэм и лэжьакIуэхэми абы къекIуэлIахэми фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзащ Михайлик Александр.

— Фи унафэщIым гу зэрылъитащи, унагъуэм и Илъэсым ехьэлIа дауэдапщэхэм я пэублэр Ищхъэрэ Кавказым, фи хэгъуэгум щедгъэжьащ. Ищхъэрэ Кавказым и щIыналъэм хуэдэу унагъуэ хабзэхэр здыщахъумэрэ пщIэ здыщыхуащIрэ дуней псом щыIэкъым. Фэ къывгуроIуэ унагъуэм и мыхьэнэр.

Къэрэшей-Черкесыр зызыужь, ефIакIуэ, хьэщIагъэфIэ хэгъуэгущ. Си гуапэ дыдэу, сфIэфIу сыкъоблагъэ фи щIыналъэм икIи, гуапагъэрэ хуабагъэу къыввбгъэдэкIыр сыт щыгъуи зыхызощIэ. Тхьэм нэхъри фригъэфIакIуэ! — Михайлик Александр къызэхуэсахэм захуигъэзащ икIи яхъуэхъуащ узыншагъэрэ гукъыдэжрэ яIэу я IэщIагъэ лэжьыгъэм пэрытыну.

ЕЗАУЭ Маринэ

1

Унагъуэм и Илъэсым

УнагъуэкIэ — гуфIэгъуэ пшыхьым

Дотдаевым жиIащ ябгъэдэлъ щIэныгъэкIэ, я лэжьыгъэ купщIафIэкIэ къалъэща нагъыщэхэр иратыжын папщIэ, ветеранхэр, Управленэм щылажьэхэмрэ я унагъуэхэмрэ пшыхьым къызэрырагъэблэгъар.

— Ди лэжьакIуэхэм я щхьэгъусэхэр, я бын цIыкIухэр ягъусэу къызэрекIуэлIам хэхауэ мыхьэнэшхуэ иIэщ адэ-анэхэм я ехъулIэныгъэхэр сабийхэм ялъагъун, абыхэм иригушхуэн папщIэ. Си фIэщ мэхъу пщIэрэ щIыхьрэ яIэу ди сабийхэр къызэрытэджынур, ди лэжьыгъэм дяпэкIэ зэрыпащэнур, — жиIащ Дотдаевым.

И лэжьэгъухэм, и щхьэкIэ къабгъэдэкIыу, абы фIыщIэ хуищIащ хьэщIэу къахуеблэгъа Михайлик Александр унагъуэм и Илъэсым теухуа Iуэхугъуэхэм и япэ пшыхьыр здыщрагъэкIуэкIыну утыкуу Ищхъэрэ-Кавказ федеральнэ хэгъуэгур къызэрыхахам папщIэ.

— Михайлик Александр гъащIэ хьэлъэ, гъащIэ къулей къэзыгъэщIа цIыху зэлэмэтыщэщ. Ар запасым щыс генералщ, экономикэ, юридическэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я докторщ, СССР-м, УФ-м, хамэ къэралхэм я орден, медаль зэхуэмыдэ 46-рэ, УФ-м и Президентым къыбгъэдэкIа ФIыщIэ тхылъыр къызыхуагъэфэщащ. Александр Георгиевич и фIыгъэкIэ, лъэкIыныгъэ догъуэт ди щIыналъэм икIауэ СВО-м хэт ди щIалэхэм защIэдгъэкъуэну. ЗэрыжаIэщи, узэкъуэтмэ улъэщщ. Дызэкъуэтмэ, нэхъ лъагапIэфIхэри зыIэрыдгъыхьэфынущ, — къыхигъэщащ Дотдаевым.

ИужькIэ, Управленэм и лэжьакIуэхэм ящIа хэлъхьэныгъэхэм, зыIэрагъыхьа ехъулIэныгъэхэм къапэкIуэу нагъыщэ зэхуэмыдэхэмкIэ къыхагъэщащ. Абыхэм ящыщщ «За Усердие и пользу», «За службу в органах Казначейства России» X лет, «За службу в органах Казначейства России» XV лет, «За службу в органах Казначейства России» XX лет, «30 лет Казначейству России» медалхэр.

ДызэрыщыгуфIыкIыну, къэрал нагъыщэ лъапIэхэмкIэ зи цIэ къраIуахэм ди лъэпкъэгъухэри яхэтщ. Апхуэдэу, республикэм и Казначействэм и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным, зегъэужьыным хуащIа хэлъхьэныгъэм папщIэ «За службу в органах Казначейства России» медалымкIэ и цIэр къраIуащ Амирокъуэ Маринэ, Братхэ Iэминат, Унэжь Маринэ сымэ.

Къинэмыщ Iауэ, КъЧР-м и Iэтащхьэм къыбгъэдэкIыу ФIыщIэ тхылъ иратащ Михайлик Александр. Апхуэдэ гулъытэкIэ къыхагъэщащ Управленэм и лэжьакIуэхэу Уэз Уэзиррэ Нэхущ Мадинэрэ.

Пшыхьым и кIэм Управленэм и лэжьакIуэхэми абы къекIуэлIахэми фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзащ Михайлик Александр.

— Фи унафэщIым гу зэрылъитащи, унагъуэм и Илъэсым ехьэлIа дауэдапщэхэм я пэублэр Ищхъэрэ Кавказым, фи хэгъуэгум щедгъэжьащ. Ищхъэрэ Кавказым и щIыналъэм хуэдэу унагъуэ хабзэхэр здыщахъумэрэ пщIэ здыщыхуащIрэ дуней псом щыIэкъым. Фэ къывгуроIуэ унагъуэм и мыхьэнэр.

Къэрэшей-Черкесыр зызыужь, ефIакIуэ, хьэщIагъэфIэ хэгъуэгущ. Си гуапэ дыдэу, сфIэфIу сыкъоблагъэ фи щIыналъэм икIи, гуапагъэрэ хуабагъэу къыввбгъэдэкIыр сыт щыгъуи зыхызощIэ. Тхьэм нэхъри фригъэфIакIуэ! — Михайлик Александр къызэхуэсахэм захуигъэзащ икIи яхъуэхъуащ узыншагъэрэ гукъыдэжрэ яIэу я IэщIагъэ лэжьыгъэм пэрытыну.

ЕЗАУЭ Маринэ

ЩIалэгъуалэм и Илъэсым

Ди пщащэ губзыгъэхэр

Хэхыныгъэхэм пыщIа хуитыныгъэхэмрэ ахэр зэрекIуэкI щIыкIэмрэ ехьэлIа IуэхухэмкIэ еджакIуэхэм папщIэ илъэс къэс ирагъэкIуэкI «Софиум» Урысейпсо олимпиадэм щытекIуахэр Урысейм и ЦИК-м щагъэлъэпIащ. Абдеж текIуэныгъэ къыщахьащ, призёр щыхъуащ Урысейм и хэгъуэгу 27-м къабгъэдэкIа, е 10-11-нэ классхэм щеджэ ныбжьыщIэ 49-рэ.

УзыщыгуфIыкIын Iуэхугъуэщ абыхэм ди лъэпкъэгъу еджакIуэ цIыкIухэри зэрахэхуар. Хьэбзэ курыт еджапIэм и еджакIуэ Къумыкъу Камилэрэ (е 11-нэ класс) ПсэукIэ-Дахэ къуажэ еджапIэм щеджэ Абдокъуэ Ясминэрэ (е 10-нэ класс) хэхыныгъэ IуэхухэмкIэ зэпеуэм и хэгъуэгу Iыхьэми, иужьрейуэ Москва къалэм щекIуэкIа кIэух Iыхьэми щIэныгъэфI къыщагъэлъэгъуащ. ТIуми федеральнэ утыкум япэ увыпIэр къыщахьащ…

«Софиум» олимпиадэр Iыхьэ зыбжанэу зэхэтащ. Хэгъуэгухэм деж IыхьитIу зэхэта зэпеуэхэм ныбжьыщIэхэр пхыкIащ: щытыкIэ хьисэпхэр къащIащ, эссе ятхащ. КъыкIэлъыкIуэу, дистанционнэу ЦМК-м и РЦОИТ-м и сайтым деж тестхэм зэман хэхакIэ пхыкIащ.

Зэпеуэм и кIэух Iыхьэр мы гъэм Урысейм и ЦИК-м щекIуэкIащ. Абы хэтащ еджакIуэ 73-рэ. МахуитIым къиубыдэу къэрал утыкум абыхэм я щIэныгъэр къыщагъэлъагъуэу джэгукIэхэм пхыкIащ, щытыкIэ хьисэпхэр къащIащ. НыбжьыщIэхэм я щIэныгъэр къапщытащ Урысейм и ЦИК-м хэтхэм, егъэджэныгъэ, щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэм.

Хэгъуэгу Iыхьэм текIуэныгъэр къыщызыхьа ди адыгэ пщащэхэм ящIыгъуу Москва къалэм кIуащ Усть-Жэгуэтэ дэт лицейм и е 10-нэ классым щеджэ Багатырев Умаррэ Черкесск къалэм и е 17-нэ гимназием и е 11-нэ классым хэс Магомедовэ Анжеликэрэ. Иужьрейм е 2-нэ увыпIэр кIихьащ.

Камилэрэ Ясминэрэ я гъэсакIуэу щытащ Хьэбзэ районым и ЩIыпIэ ХэхакIуэ Комиссэм (ТИК) и унафэщI Къумыкъу Ларисэ.

— Нэхъыщхьэр, езы ныбжьыщIэхэр зыпэрыува Iуэхур яфIэгъэщIэгъуэну щытынращ. Район администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм къигъэлъэгъуа ныбжьыщIэхэм мы Iуэхум егугъуу зыхуагъэхьэзыращ, фIыуэ дызэдэлэжьащ. Хэхыныгъэ Iуэхур зэрекIуэкIыр ныбжьыщIэхэм гъэщIэгъуэн зэращыхъуар хьэкъщ, — жеIэ Къумыкъу Ларисэ.

Камилэ мы гъэм еджапIэр къеух. Илъэс кIуами мы олимпиадэм япэ увыпIэр къыщихьауэ щытащ. Олимпиадэм зыхуигъэхьэзырыху хэхыныгъэм ехьэлIа Iуэхухэм нэхъри хилъэсащ. Нэгъабэ, абы япэ увыпIэр къызэрихьам къыхэкIыу, мы гъэм ар зэуэ етIуанэ Iыхьэм ягъэкIуащ, икIи зэпеуэм балл нэхъ инхэр къыщихьащ.

— Сэ юрист ЗэщIагъэр зэзгъэгъуэтыну сыщIэхъуэпст, ауэ тегъэчынауэ абы сыхуеIэтэкъым. Илъэс кIуам зэпеуэм сыхэта нэужь, сытегушхуащ а ЗэщIагъэм си гъащIэр еспхыну. Зызгъэхьэзырыху зэзгъэгъуэта щIэныгъэм и мызакъуэу, олимпиадэм юридическэ ищхьэ еджапIэм я нэхъыфI дыдэм — Кутафин О. и цIэр зезыхьэ МГЮА-м сыщIыхьэнымкIэ сиIэ лъэкIыныгъэм хигъэхъуащ, балл бжыгъэ къызиткIэрэ. Сыпылъынущ а Iуэхур къызэрыздэхъуным, — жеIэ Камилэ.

КъинэмыщIауэ, ар дехьэх шыкIэпшынэ еуэнми. «Вагъуэбэ» гупым хэту зэпеуэ куэдым зыкъыщигъэлъэгъуащ. Iэпэ пшынэри, гитарэри егъэIэрыхуэ.

Абдокъуэ Ясминэ зэпеуэм хэтынымкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ къыхуэхъуащ еджапIэм обществэмкIэ щезыгъаджэ Абдокъуэ Марианнэ. Конституцэ хьисэпхэр къащIу, хэхыныгъэхэм ехьэлIа Хабзэхэмрэ Хуитыныгъэмрэ зэпкърахыурэ езы пщащэри нэхъри хилъэсащ.

— Ясминэ лъэныкъуэ куэдым хозагъэ, зыпэрыувэм йогугъу. Ар спортми, къафэми пылъщ, тхыдэ, обществознание дерсхэр фIэфIщи, нэхъ кууэ абыхэм зыхегъэгъуазэ, тхылъ куэд йоджэ. Жэуаплыгъэ ин хэлъу, упщIэ къэс жэуап къилъыхъуэу бгъэдыхьащ мы Iуэхуми. Япэ Iыхьэм пхыкIа нэужь, Къумыкъу Ларисэ и нэIэм щIэту нэхъ кууэ игъэхьэзыращ. Нэгъуэщ ныбжьыщIэхэми щIэныгъэфI къагъэлъэгъуащ, Ясминэ балл бжыгъэкIэ и щIэныгъэр нэхъыфIу сыщIэкIри, ипэкIэ кIуэтащ, — къыддэгуэшащ Марианнэ.

Ясминэ тхыдэр фIэгъэщIэгъуэнщ, псом хуэмыдэу ар адыгэ лъэпкъым ехьэлIауэ щытмэ. Тхылъ еджэныр фIыуэ елъагъури, ахэри зытеухуар аращ. Лъэпкъыпсэ пщащэм зригъэгъуэт щIэныгъэкIэ социальнэ зэпыщIэныгъэхэм напэкIуэцI щицIауэ, адыгэ щIалэгъуалэм ядогуашэ.

Мы олимпиадэм ипкъ иту, текIуэныгъэр къэзыхьахэм ищхьэ еджапIэм щыщIыхьэкIэ я балл бжыгъэм хохъуэ, «Артек» зыгъэпсэхупIэм кIуэну лъэкIыныгъэ къарет. Къинэмыщ Iауэ, щIэныгъэ нэс къэзыгъэлъагъуэ сабийхэм папщIэ щыIэ Къэрал хъыбарегъащIэ Iэмалым (Государственный информационный ресурс) я цIэхэр иратхэ. Абы ди адыгэ пщащэхэри яхэхуащ.

БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ

Бзэр хъумэным

ЦIыкIуми инми яфIэфIу хэтщ, йоплъ, кIэлъоплъ илъэс зыбжанэ ипэ бзэр хъумэным хуэгъэпсауэ къызэрагъэпэща къэщIэрейхэмрэ гушыIэрейхэмрэ я «Джэгурэш» зэхьэзэхуэм. А зэхыхьэ дахэм хэплъэну, къыдэкIуэтей щIэблэм бзэр зэрагъэшэрыуэм, а бзэмкIэ екIуу утыку зэрихьэм еплъыну къызэхуэсахэр еджакIуэ цIыкIухэм я закъуэтэкъым, атIэ нэхъыжьхэми зыкърагъэхьэлIат. «Умыгъэгушхуэ гъуэгу техьэкъым», — жеIэ пасэрейм. Мы Iуэхуми лъабжьэ хуэхъуа гупсысэр аращ.

«Джэгурэш»-м и иджырей Iыхьэм хэтахэр нэхъ ипэкIэ екIуэкIа зэпеуэхэм щытекIуа, къэпщытакIуэхэм нэхъыфIу къалъыта гупитIырщ: «Алъэсчырей вагъуэхэр» (Жьакуэ къуажэ), гуп пашэр Мамхэгъ Ашэмэзщ. ЕтIуанэр — «Нэхущ вагъуэ» (Ботэщей къуажэ), гуп пашэр Шыбзыхъуэ Муратщ. ГупитIми я уэрэдыр къеуэу, лъэпкъ дамыгъэхэмкIэ гъэщIэрэщIа фэилъхьэгъуэхэр ящыгъыу утыкум кърашащ.

Пшыхьым кърагъэблэгъат Хьэбзэ район администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Унэжь Олег, районым и жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ МыкIытIэ Владимир, КъЧР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Аслъэнхэ Алий сымэ.

КъэпщытакIуэ гупым хэтащ КъЧР-м егъэджэныгъэмкIэ и Министерствэм и лэжьакIуэ ХьэтIохъущокъуэ Амиран, Хьэбзэ район администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI Даур Аннэ, Арэшыкъуэ Р. и цIэр зезыхьэ, Хьэбзэ къуажэм дэт курыт еджапIэм и егъэджакIуэ Туаршы Фатимэ, Хъупсырокъуэ Е. и цIэр зезыхьэ, Хьэбзэ лицейм и егъэджакIуэ Сидакъ Эллэ сымэ. КъэпщытакIуэхэм я пашэу щытащ Хьэбзэ район администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI Сидакъ Жаннэ.

Хьэбзэ къуажэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэм щекIуэкIащ ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм къыхилъхьа «Джэгурэш» зэпеуэ гъэщIэгъуэным и кIэух Iыхьэр.

АфIэунэ Лиуан «Зэ уадыгэну сыт и уасэ» и усэмкIэ ар къызэIуихащ Хьэбзэ дэт курыт еджапIэм и е 7-нэ этнографие классым щеджэ Сонэ Самирэ. Мы цIыкIур зэхьэзэхуэ куэдым хэтащ. Абыхэм ящыщу я цIэ къиIуапхъэщ «Берега дружбы» Дунейпсо зэпеуэмрэ (Москва) «Мой учитель родного языка» зэхьэзэхуэмрэ. ТIум дежи пщащэм япэ увыпIэр къыщихьащ.

Умыгъэгушхуэ гъуэгу техьэкъым

Пшыхьыр щIидзэн ипэ псалъэ иратащ Унэжь Олегрэ Сидакъ Жаннэрэ. Iуэхур къызэзыгъэпэщахэмрэ абы хэт ныбжьыщIэхэмрэ яхъуэхъуа иужь, къэпсалъэхэм жаIащ мы IуэхумкIэ бзэм и дахагъэ, хьабзагъэ псори нэIурыту зэрагъэлъагъуэр, бзэр егъэфIэкIуэнымкIэ мы зэпеуэм къалэн ин игъэзащIэу къызэралъытэр. Мы Iуэхум и зэхэублакIуэ, бзэр хъумэнымрэ ар егъэфIэкIуэнымрэкIэ лэжьыгъэ ин зыгъэзащIэ Шэрджэс Расьят УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и Министерствэм къыхуигъэфэща «Почетный наставник» бгъэхэIур иратыжащ абыхэм. «Мастэр гуапэщи мастэр гуауэщ», — апхуэдэ гулъытэ дахэ зыхуащIа Расьят нэхъыбэм зэрытегушхуэным, дяпэкIи и лэжьыгъэр зэрыригъэфIэкIуэным шэч хэлъкъым, Тхьэм хущIигъэхьэ!

«Пэжымрэ пцIымрэ» — арат иджырей зэхьэхьэр нэхъыбэу зытеухуар, абы и япэ Iыхьэр — «ФIэхъусщ» ныбжьыщIэ цIыкIухэм къызэхуэсахэм зыкърагъэцIыхун, щхьэж зыхуэфI-зыхуэщIэкIэ заIуэтэн хуейт. ЕтIуанэр — «Унэ лэжьыгъэ» — псалъэ закъуэу къежьэ хъыбархэм зэрызаубгъум тегъэпсыхьат. Ещанэр — «Пшынэлъэ» Iыхьэр — дэтхэнэ зэманми езым и пэж зэриIэжым хуэгъэпсат.

ГушыIэрэ щIагъыбзэкIэ зэхэпщауэ, щхьэж къызыдэкIа жылэм дэлъ хъыбархэмрэ ятеIукIа цIэ гъэщIэгъуэнхэмрэ къагъэсэбэпурэ ныбжьыщIэхэм хьэлэмэту загъэхьэзырат. А цIыкIухэм я утыку итыкIэр умыгъэщIэгъуэн плъэкIтэкъым. Япэрауэ, ахэр пэшым щIэс цIыху Iувым щымышынэу утыкум итт, етIуанэрауэ, ахэр артист ЗэщIагъэм хурагъэджэну къыхащыпыкIам ярейуэ Iэзэу джэгут, я гушыIэ къэс пэшым щIэсхэр зэщIагъэдыхьэшхыу. Сыти жыIи, лъэпкъым и псэр зыдэлъыр адыгэ къуажэхэращ. А цIыкIухэр адыгэбзэкIэ къабзэу псалъэ къудейкъым, абыхэм адыгэ гупсысэкIэ, Iуэху зехьэкIэ, псэукIэ яIэщ. Зэпеуэ къэс цIыхур зыгуэрым хуигъасэр пэжщ, ауэ мы зэпеуэм и мурадымрэ и купщIэмрэ куэдкIэ нэхъ жыжьэ мэIэбэ. Шэч хэлъкъым мыбы хэта цIыкIухэм я бзэр фIыуэ ялъагъуу, абы иримыукIытэу къызэрытэджым, нэхъыщхьэращи, абыхэм я бзэм кърита гушхуэныгъэр зэи ящыгъупщэнукъым. ЦIыхум зезыгъэужьыр, ипэкIэ зыгъэкIуатэр гушхуэныгъэщи, мы цIыкIухэм лъэпкъым хуэщхьэпэн, ар езыгъэфIэкIуэн цIыху къахэкIыну дахуохъуахъуэ!

А щIалэгъуалэр зыгъэхьэзырахэми щхьэхуэу я гугъу сщIыну сыхуейщ. Дэ утыкум щытлъэгъуа теплъэгъуэхэр хьэзыр хъун папщIэ мазэ бжыгъэкIэ цIыху гупышхуэ елэжьащ псалъэ, жыIэгъуэ къэс хэплъыхьыпауэ къыхахыу. А гуп дахэм я гугъуехьым и пщIэ мыкIуэдыну сахуохъуахъуэ! Iуэхум и зэхэублакIуэ, лъэпкъым ехьэлIа лэжьыгъэм хуэжыджэр, ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм и унафэщI, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Шэрджэс Расьят «Джэгурэш»-м теухуауэ къыджиIахэмкIэ дывдогуашэ: «Дэ псом япэ гу зылъедгъатэр къуажэ къэс я псэлъэкIэм иIэ щхьэхуэныгъэрщ, жыIэгъуэ зэхуэмыдэу жьабзэм къыхэнарщ. Абы езы къуажэдэсхэр есэжауэ гу лъамытэ щхьэкIэ, ар нэгъуэщIхэм къызэрацIыхуж дамыгъэ хъуауэ жыпIэ хъунущ. Ауэ щыхъукIи, щIалэгъуалэр утыкум щиткIэ псоми зэдай литературэбзэм тету псалъэу идогъасэ. Мы зэпеуэм и фIыгъэкIэ ныбжьыщIэ цIыкIухэм къуажэм и тхыдэм, щIыпIэцIэхэм, къуажэм къыдэкIа цIыху цIэрыIуэхэм нэхъыфIыжу нэIуасэ зыхуащI. Къинэмыщ Iауэ, IуэрыIуатэм и жанр нэхъ цIыкIухэр бзэм къыщагъэсэбэпу егъэсэным дытолажьэ. ЖысIэну сыхуейщ мы зэхьэзэхуэм еджакIуэ цIыкIухэм яфIэфI дыдэу, къахуэмыгъэсу зэрыхэтыр. БлэкIа илъэсхэм «Джэгурэш»-м хэта, иджыкIэ еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIэтIысхьэу зэбгрыкIа ныбжьыщIхэри мыбы еплъыну къокIуэ.

Мы зэпеуэр си къару закъуэкIэ къызэзгъэпэщкъым, псалъэм папщIэ, Хьэбзэ муниципальнэ район администрацэм и унафэщI Жу Тимур мылъкукIэ зыкъытщIегъакъуэри, абыкIэ сабийхэм саугъэтхэр къахудощэху. ЕгъэджакIуэхэм ягъэхьэзыра сценарийхэм Унэгъэс Зэмрэт йоджэри, цIыху къэс щхьэхуэу долажьэ, режиссёр къалэнри зыгъэзащIэр аращ.

Иджырей джэгугъуэм хэта гупитIми зым нэхърэ адрейр нэхъыфIыжу загъэхьэзырат. Сыщогугъ абы хэтахэми ахэр зыгъэхьэзырахэми ар лъэныкъуэ куэдкIэ къащхьэпэну».

Зэхьэзэхуэр щIидзэу гупитIри утыку къызэрихьэрэ къыхэпхынур умыщIэу абыхэм уахэплъэт, тIури къызыхуэтыншэу гъэхьэзырати, уи гур ятхьэкъут. Къызэрыщ IэкIамкIэ, къэхутакIуэхэри апхуэдэ щытыкIэ итти, гупитIми яхуэфащэ дыдэу япэ увыпIэр хуагъэфэщащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ

Гъуэгу шынагъуэншагъэ

Сабийхэр къезышэкIхэм

«Автобус» профилактикэ операцэм ипкъ иту, «Адыгэ-Хьэблэ» ОГИБДД-м и къэрал автоинспекторхэм еджапIэм и автобусым шынагъуэншагъэмкIэ дерс щрагъэкIуэкIащ.

Инспекторхэм ныбжьыщIэхэм ягу къагъэкIыжащ автобусым щисым деж зэрызащIын хуей щытыкIэхэр: шынагъуэншагъэмкIэ бгырыпхым и мыхьэнэм къахутепсэлъыхьащ, сыт хуэдэу гъуэгу кIыхь темыхьами, транспортым дэтхэнэри ипхыхьауэ щытын щIыхуейм и гугъу ящIащ.

ЕджакIуэ цIыкIухэм гурагъэIуащ машинэ куэду здыщызекIуэ гъуэгухэм щыгъэзэщIэн хуей ПДД хабзэхэр, лъэсырызекIуэхэм папщIэ гъуэгухэр къагъэсэбэпын зэрыхуейр, нагъыщэхэм, светофорым и плъыфэхэм къарыкIыр.

Къэрал автоинспекторхэм сабийхэр къезышэкI еджапIэ автобусхэм я водителхэм гурыгъэIуэныгъэ зэпсэлъэныгъэ драгъэкIуэкIащ. Къыхураджащ ахэр набдзэгубдзаплъэу гъуэгум щызекIуэну, щытыкIэ шынагъуэ къамыгъэхъуну, транспортыр зэрызекIуэн хуей хуабжьагъым щIрамыгъэгъуну, сабийхэр автобусым щитIысхьэкIи щикIкIи гулъытэ хуабжь хуащIыну.

АСЛЪЭНЫКЪУЭ Iэминат,
«Адыгэ-Хьэблэ» ОГИБДД-м и пропагандэмкIэ и инспектор, полицэм и лейтенант

Мэкъумэш

Жэгундэ сэныр яублащ

Къэрэшей-Черкесым и мэкъумэш хъызмэт лэжьакIуэхэр иужь ихьащ фошыгъупхъэ къэкIыгъэр щIыгум хэгъэзэгъэным. Мыбдежым япэу гъунэ иралъащ Нэгъуей муниципальнэ районым и аграриехэм.

Ди хэгъуэгум фошыгъупхъэ жэгундэр щIэным пылъщ районы 5-м я хъызмэт 15-р.

2024 гъэм фошыгъупхъэ жэгундэр щалэжьынущ щIыгу гектар 5300-м нэблагъэм. Ар проценти 3,9-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ нэхърэ.

Къэрэшей-Черкесым мэкъумэш хъызмэтымкIэ и Министерствэм и хэгъуэгу программэм и къэухьхэм иту, фошыгъупхъэ жэгундэм елэжь хъызмэтхэм хуаутIыпщынущ сом мелуан 25-рэ. Нэгъабэ апхуэдэ финанс дэIэпыкъуныгъэ лъагъэсат фошыгъупхъэ жэгундэ зысэ хъызмэт 14-м.

КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу

Черкес хэку
@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru
Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР, Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ,
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. Зэрыщ Iатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2857-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графикIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.
ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ